

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Kaarifan lokal nu nyampak dina tafsir Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an téh kabagi jadi dua, kahiji nyaéta kaarifan lokal verbal, kadua kaarifan lokal non-verbal. Kaarifan lokal nu nyampak dina ieu tafsir téh kapaluruh aya 5, sedengkeun kaarifan lokal non-verbal kapaluruh aya 7. Éta tafsir téh dumasar kana prosés dialéktika jeung kaarifan lokal Sunda bisa dibagi jadi tilu pola, , nyaéta (1) *tahmil (adoptive-complemet)* sikep narima lumangsungna hiji tradisi. Contohna dina undak-usuk basa, metafor dina nafsirken hiji kecap Arab kana kecap Sunda, pergaulan hirup (silih asah, silih asih, silih asuh); *tahrim (destructive)* sikep nolak kana lumangsungna tradisi nu aya di masarakat. Contona dina masalah zakat jeung tradisi *Abdak Maula*; jeung *taghyr (adoptive-reconstructive)* sikep narima kana tradisi, tapina ngamodifikasi samerenahna sangkan bisa ngarobah karakter dasarna. Contona dina pagelaran wayang golék salaku média dakwah

. Nitén kana panafsiranna, KH. Ahmad Sanusi tina sababaraha ayat mangka puseur aliran panafsiranna nu dipaké téh corak fiqih. Nyaéta nafsirkeun Qur'an nu museurkeun titénan pedaranna kana aspék hukum islam, jeung néangan kacindekan hukum ti Al-Qur'an jeung nyieun kacindekan hukum Syara' dumasar ijtihad.

Bisa dicindekkeun tina analisis kaarifan lokal maké tiori Gadamer, KH. Ahmad Sanusi sacara teu langsung geus ngalarapkeun tiori pokok hermeneutik Gadamer. Ngasupkeun kaarifan lokal verbal jeung kaarifan lokal non-verbal nu kongkrit di masarakat sangkan bisa ngirimkeun pesen Al-Qur'an luyu jeung kaayaan masarakat panafsir, jadi pesen téh bisa leuwih gampang dipaham jeung dilakonan.

5.2 Implikasi

Panalungtik miharep dina ieu panalungtikan, nu maluruh kaarifan lokal dina tafsir Sunda Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an téh bisa méré implikasi

pangaweruh ka pamaca sangkan bisa maham kana ma'na nu aya dina Qur'an. ogé bisa jadi nambahan khazanah paélmuan ngeunaan kaarifan lokal nu aya dina tafsir, jeung bisa nambahan rasa reueus kana budaya Sunda, ogé bisa neundeun rasa hormat ka sakumna inohong-inohon intléktuan urang Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Sabada bérésna ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu baris ditepikeun ku panulis pikeun kahareupna. Di antarana:

- 1) Ieu panalungtikan nu medar kaarifan lokal dina tafsir Sunda Raudhatul Irdan fi Ma'rifatil Al-Qur'an karya KH. Ahmad Sanusi bisa jadi bahan rujukan pikeun panalungtikan satuluyna. Malahan dipiharep bisa ngadeudeulan ieu hasil panalungtika sangkan leuwih lengkep, atawa bisa maké tafsir Sunda séjén sangkan bisa nambahan khazanah ngeunaan tafsir Sunda.
- 2) Kacida heureutna pedaran kaarifan lokal dina ieu panalungtikan. Ku kituna, pikeun panalungtik nu séjén perlu dilegaan deui ambahanna.
- 3) Panalungtikan séjén bisa maké grand téori nu aya dina ieu panalungtikan tapi kajian tafsir Sundana béda, bisa ogé tafsir Sundana sarua tapi grand téorina béda, atawa bisa nuluykeun jeung ngawedelan deui ieu panalngtikan nu geus aya.